## YURIDIK A’HEMIYETKE IYE HU’JJETLERDIN’ NIZAM HU’JJETLERINE MUWAPIQLIG’I HAQQINDAG’I JUWMAQ

1. **Joybar tu’ri:** Shartnama
2. **Joybar ati.** «Qorǵaw xızmetin kórsetiw boyınsha shartnamasi»

**3. Joybar islep shig’ariwshi ha’m kiritilgen sa’ne haqqinda mag’liwmat.**

Shartnama joybari Taqiyatas rayoni Medicina birlespesi ta’repinen islep shig’ilg’an, Taqiyatas rayoni Medicina birlespesi menen Ózbekstan Respublikası Milliy gvardiyasi Qaraqalpaqstan Respublikası Qorǵaw basqarması ortasinda qorǵaw xızmetin kórsetiw boyınsha 7 000 000 (TQM arqalı qorǵaw hám texnikalıq xizmet kórsetiw boyınsha bir ayǵa) sum mug’darındag’ı 27.01.2022-yil 384-sanli shartnama joybari Taqiyatas rayoni yuridik xizmet ko’rsetiw orayina huquqiy ekspertizadan o’tkiziw ushin 27.01.2022 jili kiritildi.

Xojalıq shártnamasında shártnama predmetin, jetkizip beriletuǵın tawardıń (xızmettıń) muǵdarı, sapası, assortimenti hám bahasin, shártnamanıń orınlaw múddetlerin, esap-kitap qılıw ta’rtibi, táreplerdiń minnetlemelerin, shártnama minnetlemeleri orınlanbag’anda yamasa lazım dárejede orınlanbag’anda táreplerdiń juwapkershiligi, kelip shıqqan nızalardı sheshiw hám de táreplerdiń rekvizitleri, shártnama dúzilgen sáne hám orındı, sonıń menen birge bunday túrdegi shártnamalar ushın nızamshılıqta belgilengen yamasa táreplerden birewiniń arzasına kóre óz-ara shártlesiwge erisiw kerek bolǵan basqa zárúrli shártlerdi názerde tutıwı kerek.

Xojalıq shártnamasın dúziwde tárepler tiyisli túrdegi shártnamalar ushın islep shıǵılǵan hám de huqıqıy ekspertizadan belgilengen tártipte ótkerilgeninen keyin daǵaza etilgen ózleriniń úlgili yamasa tipovoy shártlerine (formalarına ) ámel etiwleri múmkin.

Autsorsing xızmetin kórsetiw boyınsha shártnama buyırtpashı hám autsorser ortasında kalendar jıl ushın usi rejenin’ 2-qosımshada keltirilgen autsorsing shártleri tiykarında xızmetlerdi kórsetiw boyınsha shártnamaǵa muwapıq eki nusqada dúziledi. Bunda, autsorser tárepinen shártnama shártleriniń tolıq orınlaniwi hám buyırtpashınıń ǵárejetler smetasida ajıratılǵan pul autsorserni qaniqtirgan táǵdirde, táreplerdiń shártlesiwine kóre shártnama múddeti náwbettegi kalendar jıl ushın uzaytırılıwı múmkin.

**Juwmaq**

Shartnama joybari Ózbekstan Respublikasınıń 1998-jıl 29-avgustdaǵı «Xojalıq jurgiziwshi subyektlar iskerliginiń shártnamalıq-huqıqıy bazası haqqında»g’i №670-I Nızamı hám Ózbekistan Respublikası Ministrler Ka’binetinin’ 10.01.2020-jıldaǵı “Ózbekistan Respublikası Den sawlıqtı saqlaw ministrligi strukturasındaǵı shólkemlerde autsorsing xızmetlerin kórsetiw tártibi

Электрон рақамли имзо орқали тасдиқланган, Ҳужжат коди: KJ3754505278

tuwrısındaǵı rejeni tastıyıqlaw haqqında” 16-san Qarari, Puqaralıq Kodeksine muwapıq islep shıǵılǵan, ha’m oni qabil qiliw maqsetke muwapiq.

O’zbekistan Respublikasi Prezidentinin’ 2021 jil 29-iyundagi “Ma’mleket mekemeleri ha’m sho’lkemleri yuridik xizmet ko’rsetiw iskerligin ja’nede jedellestiriw is ilajlari haqqinda”g’i PQ-5168 sanli Qararinin’ 6-ba’ntinde Oraylar ta’repinen yuridik xizmet ko’rsetiw belgilengen mekemeler ta’repinen Oraylar menen kelisilmegen halda yuridik tu’stegi hu’jjetler qabil etiliwine jol qoyilmaydi. Bunday hujjetler yuridik ku’shke iye emes ha’mde qabil qiling’an waqittan baslap hesh qanday huquqiy a’hibet keltirip shig’armaydi dep ko’rsetilgen.

Usi Qarardin’ 16-ba’ntinde Oraylar yuridik xizmet ko’rsetiletug’in mekemeler sondayaq nizamshiliq hu’jjetlerin orinlaniwin ta’minlemeytug’in ha’mde olardi buzatug’in basliqlar ha’mde xizmetkerlerdi juwapkershilikke tartiw boyinsha usinislar kiritiw huquqina iye ekenligi belgilengen.

Joqaridag’i talaplardan kelip shig’ip, Taqiyatas rayoni Medicina birlespesi ta’repinen Orayg’a ishki buyriq, shartnama ha’mde yuridik tu’stegi hu’jjetler o’z waqtinda, hu’jjetlerdi toliq qosimsha qilip “E-huquqshunos” elektron tizimge jiberiwin’iz soraymiz.

Taqiyatas rayonı
yuridik xizmet ko’rsetiw
oray bas yuriskonsulti

B.Otepov

2022-jıl 31-yanvar